“Gamuchirai Mweya Mutsvene”

Uye adaro akavafemera akati,
“Gamuchirai Mweya Mutsvene.”
JOHANI 20:22

“Gamuchirai Mweya Mutsvene”

Uye adaro akavafemera akati,
“Gamuchirai Mweya Mutsvene.”
JOHANI 20:22

MABASA AVAPOSTORI 2:1-8, 41

Mweya Mutsvene unoburuka paPendekosti
1Zuva rePendekosti rakati rasvika, vakanga
vakaungana vose panzvimbo imwe chete.

2Pakarepo kutinhira sokwemhepo inovhuvhuta
nesimba kwakabva kudenga uye kukazadza imba yose
yavakanga vagere.

3Vakaona zvakanga zvakaita sendimi dzomoto
dzakaparadzana uye dzikamhara pamusoro pomumwe
nomumwe wavo. 4Vose vakazadzwa noMweya
Mutsvene uye vakatanga kutaura nedzimwe ndimi
sokupiwa kwavakaitwa noMweya.

5Zvino muJerusarema maigara vaJudha vaitya Mwari
vaibva kundudzi dzose pasi pedenga.
6Vakati vanzwa mutinhiro uyu, vazhinji vakaungana
pamwe chete vachishamiswa, nokuti mumwe nomumwe
akavanzwa vachitaura norurumi rwake chairwo.

7Vakashamiswa kwazvo, vakabvunzana vachiti, “Ko,
vanhu ava vose havasi vaGarirea here vari kutaura?
8Zvino seiko mumwe nomumwe wedu achivanzwa
nomutauro waakaberekwa nawo?

41Avo vakagamuchira shoko rake vakabhabhatidzwa,
uye pazuva iro, vanhu vanenge zviuru zvitatu
vakawedzerwa pauwandu hwavo.

MABASA AVAPOSTORI 2:1-8, 41

Mweya Mutsvene unoburuka paPendekosti
1Zuva rePendekosti rakati rasvika, vakanga
vakaungana vose panzvimbo imwe chete.

2Pakarepo kutinhira sokwemhepo inovhuvhuta
nesimba kwakabva kudenga uye kukazadza imba yose
yavakanga vagere.

3Vakaona zvakanga zvakaita sendimi dzomoto
dzakaparadzana uye dzikamhara pamusoro pomumwe
nomumwe wavo. 4Vose vakazadzwa noMweya
Mutsvene uye vakatanga kutaura nedzimwe ndimi
sokupiwa kwavakaitwa noMweya.

5Zvino muJerusarema maigara vaJudha vaitya Mwari
vaibva kundudzi dzose pasi pedenga.
6Vakati vanzwa mutinhiro uyu, vazhinji vakaungana
pamwe chete vachishamiswa, nokuti mumwe nomumwe
akavanzwa vachitaura norurumi rwake chairwo.

7Vakashamiswa kwazvo, vakabvunzana vachiti, “Ko,
vanhu ava vose havasi vaGarirea here vari kutaura?
8Zvino seiko mumwe nomumwe wedu achivanzwa
nomutauro waakaberekwa nawo?

41Avo vakagamuchira shoko rake vakabhabhatidzwa,
uye pazuva iro, vanhu vanenge zviuru zvitatu
vakawedzerwa pauwandu hwavo.

40-02 The Coming of the Holy Spirit
Poster
www.GodsPeopleStudy.org
Bible Verses are Shona